

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Unggal mahluk hirup pastina bakal ngalaman fase *berkembang*. Saperti manusa boh fisik boh pikiranna bakal tuluy berkembang ku cara nuturkeun umurna, umurna beuki nambahan cara mikirna ogé bakal ningkat. Hal ieu dipangaruhan ku psikologisna. Sabab ku cara mikirna ningkat manusa bakal mikir yén kumaha carana manéhna bisa asup ka lingkungan hal ieu diperlukeun perilaku individual anu wanoh kana sabudeureuna tuluy dijadikeun aturan psikis anu diperlukeun dina ngokolakeun hirupna supaya aya maknaan jeung éféktif.

Prosés individual anu wanoh kana sabudeureuna bisa katingali dina hiji karya sastra anak novél *Si Sekar Panggung*, anu nyaritakeun hiji rumaja anu ngarana Entom, ayeuna umurna 14 taun rék ka 15 taun. Éta umur téh geus asup kana rumaja, ngamimitian ayana parobahan boh dina fisikna boh dina sikisna. Salahsahiji anu mangaruhan kana robahna siksi atau pikran jeung émosi anu masih kénéh ngagedur. Kituna ogé parobahan fisik dirasakeun ku Néng Dinar, hal wajar pikeun wanoja sabab geus kodratna nalika baligh. Ieu hal téh patali jeung psikologisna.

Kisah kahirupan ogé karakter Entom ditulis dina karya sastra. Karya sastra mangrupa hiji prosés kreatif manusa anu ngébréhkeun eusi pikiran jeung eusi haté dina wangun tulisan anu béda jeung jati dirina.

Nurutkeun Sugihastuti (dina Hidayat spk, 2012, kc. 12-13) yén karya sastra mangrupa média anu dipaké ku pangarang pikeun nepikeun gagasan-gagasanna jeung pangalamana. Karya sastra ogé méré pelajaran penting pikeun kahirupan manusa, ayana pesan moral jeung pesan spiritual pikeun padoman hirup.

Pelajaran éta sorangan dicokot tina kanyataan sosial anu umumna ngeunaan masalah-masalah anu aya dina sabudeureun manusa. Karya sastra anu ngaliwatan prosés kreatif pangarang bisa mawakeun pamaca ngaliwatan tina alur carita, penokohan, jeung latar anu aya silih patalina. Salahsahiji wangun karya sastra nya éta novél.

Novél mangrupa hiji karya sastra anu eusina jembar ku ajén-inajén kahirupan. Novél nyaritakeun kahirupan manusa ku cara ayana tokoh carita anu miboga masalah masing-masing, karakter anu béda-béda dina unggal peranna ogé latar nu di jero novél éta. Pinternan pangarang dina ngawangun karakter anu réa, miboga fungsi pikeun nguatkeun gambaran tokoh pikeun pamaca, nepi ka pamaca bisa babari dina ngabédakeun unggal tokohna boh anu antagonis boh nu protagonis ogé boh tokoh utama atawa tokoh tambahan (Rosmila spk, 2020, kc. 331 2020).

Novél *Si Sekar Panggung* nya éta salahsahiji novél karya Tatang Sumarsono nu medal dina taun 2007 citakan ka hiji, nepi ka novél ieu téh geus medal kana taun 2019 citakan ka tilu. Tatang Sumarsono téh salahsahiji pangarang Sunda nu produktif ogé kungsi dilélér hadiah Sastra LBSS, Samsudi, Rancagé jeung DK Ardiwinata. Sababaraha karyana nu geus dimuat dina média cetak. Karya-karya Tatang Sumarsono anu geus medal diantaranya waé aya *Galuring Gending*, *Si Paser*, *Ochank*, *Mandedurma*, *Ujay Kodok*, *Bulan Kungsi Ngolembur*, *Ajo Pitbu*, *Kakarén Révolusi*, *Singgasana Terakhir Pajajaran* jeung *Kamus Populér Bergambar Sunda-Indonésia*.

Karya sastra ogé méré gambaran ngeunaan psikologi dina tokoh carita anu aub dina carita. Ku sabab éta, aya tinimbangan anu raket patalina antara sastra jeung psikologi.

Sastra jeung psikologi miboga aturan anu kuat, sacara teu langsung, sabab boh sastra boh psikologi miboga objék anu sarua nyaéta kahirupan manusa ogé sastra jeung psikologi miboga hubungan fungsional sabab sarua nyaéta pikeun diajar kaayaan jiwa batur, anu ngabédakeun dina psikologi gejalaana asli sedengkeun lamun dina sastra mah imajinatif.

Nurutkeun Melati, spk (2019, kc. 231) psikologi sastra nyaéta hasil hiji kajiwaan pangarang anu *dituangkeun* dina wangun hiji karya. Anapon kitu salaku pamaca, dina ngaprésiasina karya teu lepas tina aktivitas kajiwaan. Psikologi sastra miboga pamikiran pikeun ngahirupkeun manusa salaku wangun ti naluri-naluri jeung konflik batin.

Psikologi jeung sastra lain hal nu anyar, sabab tokoh anu aya dina karya sastra kudu dibéré nyawa atawa dihirupkeun, sacara psikologis bisa dipertanggung jawabkeun. Pangarang sastra sacara sadar atawa henteu sadar ngasupkeun jiwa manusa kana karyana. Hal éta bisa ditilik tina peran diri tokoh anu aya dina caritaan.

Dumasar kana tinimbangan, novél *Si Sekar Panggung* dijadikeun bahan panalungtikan téh lantaran anu dipaparkeun di luhur ieu novél can aya nu nalungtik ngeunaan psikologi perkembangan anu karandapan ku tokoh utama anu ngarana Entom. Dina kahirupanana, Entom ngalaman rupa-rupa psikologi perkembangan nalika umurna 14 taun. Salahasahiji contona nyaéta ayana sifat anu goréng dina diri Entom siga teu percaya diri jeung ngamimitian resep nempo lawan jenis.

Salian ti nyoko kana pasualan ngeunaan psikologi perkembangana, dipilihna novél *Si Sekar Panggung* pikeun dijadikeun sumber panalungtikan téh sabab miboga kaonjoyan nyaéta panulisna Tatang Sumarsono anu ahli dina jagat karya sastra. Tatang Sumarsono minangka panulis anu resep nulis nepi ka bisa nyiptakeun sababaraha judul novél jeung karya sastra séjéna, maka loba hadiah anu dimeunangkeun ku Tatang Sumarsono salila nulis diantarana hadiah sastra rancagé, hadiah sastra manglé pikeun panulisan naskah novél Sunda, jeung hadiah sastra PPSS pikeun panulisan naskah bacaeun budak. Miboga kasang tukang resep ulin ka alam jeung pacuan kuda, sacara teu langsung ieu novél *Si Sekar Panggung* téh hasil tina pikiranna. Lian ti éta, basa anu digunakeun dina ieu novél téh basajan. Kaharti jeung asup akal pikeun pamikiran barudak nu macana.

Pikeun medar karakteristik tokoh dina novél *Si Sekar Panggung* ngagunakeun pamarékan psikologi perkembangan Agus Sujanto, téori

perkembangan remaja nyaéta psikologi khusus ngeunaan paripolah hiji jalma anu aya dina mangsa rumaja.

Anapon kitu deui nurutkeun Sujanto (1996, kc. 177) psikologi perkembangan masa rumaja dibédakeun ngawéngku tilu fase nyaéta fase pureal dimana fase ieu pergaulana ngamimitian misahkeun diri antara lalaki jeung awéwé. Tuluy fase négatif nyaéta dina fase ieu rumaja miboga sifat négatif atawa sifat nolak. Tapi fase ieu moal lila, sabab bakal deui kasorang ku mangsa salanjutna. Jeung fase puber, mangsa ieu bakal lumangsung lila, sabab dina mangsa ieu rumaja bakal ngalaman parobahan boh dina fisik boh dina paripolahna.

Nganalisis karya sastra novél kalayan teleb, salian ngagunakeun pamarekan psikologi perkembangan panalungtik ogé ngagunakeun pamarekan struktural. Isnéndés (2010, kc.91) nétélakeun yén pamarekan struktural nyaéta pamarekan karya sastra anu miboga sifat otonom. Struktur nu aya dina karya sastra nyaéta unsur-unsur anu ngawangun éta karya sastra, ayana perwatakan atawa penokohan, galur, tema, latar jeung gaya basa. Numutkeun Stanton , yén karya sastra miboga tilu unsur nyaéta ayana tema carita, fakta carita (alur, tokoh, latar), jeung sarana carita (sudut pandang, gaya basa jeung suasana, simbol-simbol, imaji, judul).

Kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan, nyaéta nganalisis hiji karya ngagunakeun pamarekan psikologi sastra jeung novél *Kabandang Ku kuda Lumping* karya Ahmad Bakri, diantara waé aya Indah Purnama Cahyani. 2013. Ajén Moral jeung Psikologi perkembangan Rumaja dina *Novélét Jamparing karya Chyé Réty Isnéndés* Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas IX. Meli Nurul Maliah. 2020. Ajén Atikan Karakter dina *Novélét Barudak Pohaci Nawang Wulan karya Ai Rahmawati* (Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan). Zulfikar Alamsyah. 2020. Konflik Psikologi Tokoh Utama Dina Novél *Rumaja Teuneung* karya Samsodi (Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan).

Ieu panalungtikan téh béda jeung panalungtikan saméméhna. Bédana nyaéta tina objék panalungtikanna. Sedengkeun sasaruana dina ieu panalungtikanya nyaéta dina ulikananna.

Nganalisis jeung nalungtik ieu novél ngagunakeun pamarekan psikologi perkembangan mangrupa salahsahiji tarékah pikeun nyumponan pangabutuh masarakat dina hal pamahaman sastra. Alatan kitu, ieu panalungtikan anu judulna “Novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono (Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” perlu dilaksanakeun kalayan daria. Dipiharep bisa nambahan pangabutuh masarakat dina wanda sastra pikeun suasana nu anyar.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Kumaha struktur carita nu nyampak dina novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono?
2. Kumaha karakteristik tokoh dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan dina novél *Si Sekar Panggung*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

2.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan anu baris kahontal sabada panalungtikan nyaéta bisa ngadéskripsikeun struktur carita novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono kalayan ngagunakeun pamarekan psikologi perkembangan.

2.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta bisa medar jeung ngaguar eusi novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono anu ngadéskripsikeun ngeunaan:

1. Struktur carita dina novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono.
2. Mikawanoh kana psikologi perkembangan tokoh anu aya dina novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

2.4.3 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun kamekaran jeung kabeungharan élmu sastra, anu utamana dina dina widang sastra jeung pangaweruh dina ngajén karya sastra anu disawang dina pamarekan psikologi perkembangan dina novél.

2.4.4 Mangpaat Praktis

Sacara Praktis, dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan ngulik karya sastra dina novél ngagunakeun pamarekan psikologi perkembangan. Bisa jadi bahan référénsi pikeun akademisi sarta panalungtik séjén dina nalungtik karya sastra. Ogé nambahan wanda dina karya sastra anu ngagunakeun pamarekan psikologi perkembangan.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab diantarana waé:

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, ogé raraga tulisan.

Bab II Ulukan Téori, ngawengku téori tina novél, téori struktural, psikologi sastra, psikologi perkembangan, panalungtikan saméméhna sarta raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrument panalungtikan, jeung téknik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, ngawengku eusi tina hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan psikologi perkembangan dina novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono.

Bab V Panutup, ngawengku kacindekan jeung saran tina panalungtikan anu geus dilakukeun.